

SARTU

GRDR kurél la guy jàppale doom aadama wër àdduna, juddo cim ndaje diggante ay tubaab di boroom xam-xamu mbey ak i doxandéem di liggéeykat yu bawoo ci réew yi séq dexug Jukk ca atum 1969. Mu ngi teg jëfam ci àdduna si làggi ci gënaatleek i tolof-tolof gën koo dëggëral ci jëeri yi lëkkaloo àndak réew yeek diiwaan yi.

GRDR jóg na ngir jàpp ci defar biy samp àdduna su nu teg cig njub ak dimmalante.

Suñug ngëm

Dem beek dikk bi xéewal la ci askan yi. Lu war la ngir defar àdduna su lalu ci jàmm.

Jokkallante ci diggante ay nit ñu bokkul fu nu sosoo te seeni cosaan wute géēju yokkute la.

Ngir ñu mana tabax sunug ëllëg, suñu askan yi ci Afrig ak Tugal dañu lëkkale. GRDR jóg ngir rafetal sunu njort ci ëllëgug Afrig gi ci sowu, rawatina Sayel.

Lëkkale gàddaay, doomu réew ak yokkute

GRDR jàpp na ne kenn manula xàjjale gàddaay, doomu réew ak yokkute.

• Gàddaay

Doxandéem yu jigéen yeek yu góor yi ñooy nas sunu ëllëg. Cib yàggaay, ña

ngay lëkkale askan yi tey dugal seen loxo ci yokkute suuf ya nu cosaanoo ak suuf ya nu dëkke.

GRDR di rafetlu ñaari suuf yi ñu bokk. Mi ngi jóg ngir doxandéem yi doon ñu ñu wég ngir seen taxawaay ci askan yi.

• Doomub réew

Doon doomu réew, mooy dundak waa réew ma te bokk ca ñay tëral sart ya. Mboolem góor ak jigéen ñi dund cib dëkk war nan leen jàppe doomi réew ma.

GRDR a ngi liggéey ngir tabax doomu réew samp ko ci bayaal bu yaa weesu li ñag réew yi.

• Yokkute

Yokkute war na jóg ngir yombal nit ñi seenug dund ba ku ne mana siggi fa muy yeewoo. Kenn jiiitiwul nit ñi ci yokkute. Yokkute giy defar tey sédd ëlleg kenn jiiuwusi GRDR ci gunge lëkkele ngir nas suuf yi réew yi séq.

Yëngu ci gox ngir jariñoo xam-xam biy soppali mbooloo yi ci peggu nguur gi

GRDR a ngi gunge i jëf jemale ko ci mbooloo yu dund yi ci suuf ya nu cosaanoo ak suuf yi nuy dund ; di sàrgal nit ñi doxandéem ya meññ ak seeni njaboot, di waajal seeni palaas, seeni man-man ak seeni àq ; di yombalal nit ñu bare lool mboolem xam-xam aki man-man yu tukkee ci liggéeyam ci dund yi.

Gannaaw yokkute askan yi doon na lu yàgg lool, GRDR tànn na yëngu cib yàggaay, di dox kóllarem ak suuf yi, dalle ko ci dund yi, ci réew yi ak lu weesu réew yi.

Ci Jëfam yi soppali te sax lool ci dund yi, GRDR du jóg ciy laaj, di tegtal ak yokk xel mbooloo yi ci peggu nguur yi ci Afrig gi ci sowu ak Tugal.

GRDR kurél la gu oomle cib lëkkoo

GRDR a ngi ñaax nit ñiy yëngu ci dund yi ci doxalinam bés bu ne ak ñi ko jiite. Lépp lu muy doxal ñung ko nasee ca gox ya mu meññee muy ca Afrig gi ci sowu ak ca Tugal naka noonu. Loolu waral nit ñi weg ko.

Doolem a ngi wéeru ci maninam ci boole soppeem yaak ña koy liggéeyal, ñuy mbooloo mu bare seeni cosaan ak seeni askanale wuute. Seen jéemantu, seeni man-man ak seeni jaar-jaar yu wuute moo ëmb alalu GRDR.